Piblikasyon

Evèk*
Garland F. Byers, Jr., J.D., D.D.‡
Evèk pou Nasyon yo, anba Mandatman Apostolik

> *Lè sa a, Jezi di yo: «Se konsa, tout dirèktè lalwa ki tounen yon disip nan Peyi Wa ki nan syèl la ap tankou yon mèt kay k'ap rale met deyò bagay li fenk achte ak bagay li gen depi lontan nan byen l' yo.»*
>
> Matye 13:52 (Bib La)

SA KI LADAN L

Dirèktè Lalwa Peyi Wa a | Kijan yo nimewote ekri yo | Klasifikasyon yo | Ki moun yo adrese | Kijan pou li yo | Swiv pa RSS | Seri ak volim | Ekri yo

Dirèktè Lalwa Peyi Wa a

Monseyè Garland F. Byers, Jr. se yon evèk Legliz la. Apèl li kòm evèk se pa pou l' sèvi kòm pastè yon kongregasyon ni pou l' gade yon twoupo, ni pou l' fè travay ministè òdinè klèje a. Se apèl Seyè a te dekri nan pawòl sa yo: pou l' sèvi kòm yon dirèktè lalwa Peyi Wa a.

Nan tan Jezi, e lontan anvan sa, te gen dirèktè lalwa nan mitan pèp Bondye a. Travay yo se te konsève pawòl Bondye a alekri e anseye l', pou pèp la te ka konprann. Esdras te «yon nonm save ki te fò anpil nan lalwa Seyè a, lalwa Bondye pèp Izrayèl la te bay Moyiz la» (Esdras 7:6), e li te «pase tout tan li ap etidye lalwa Seyè a. Li t'ap swiv tou sa ki ladan l'. Li t'ap moutre pèp Izrayèl la tout lòd ak tout regleman Seyè a» (Esdras 7:10). Lè yo t'ap li lalwa a devan pèp la, «Yo t'ap li nan liv lalwa Bondye a, yo t'ap tradwi l' pou yo, yo t'ap esplike l'

ba yo, pou yo te ka konprann sa yo t'ap li pou yo a» (Neemi 8:8). Seyè a menm te pwomèt pou l' voye moun konsa: «Se poutèt sa, men sa ki genyen: mwen pral voye pwofèt, moun ki gen bon konprann ak dirèktè lalwa ban nou» (Matye 23:34).

Yon dirèktè lalwa ki tounen yon disip nan Peyi Wa ki nan syèl la rale met deyò, nan trezò pawòl Bondye a, bagay nouvo ak bagay ansyen. Li fè moun chonje verite ansyen lafwa yo, e li prezante sa ki nouvo pou byen pèp Bondye a. Li pa ekri ak pwòp fòs pa l', men ak Sentespri a, Seyè a te di konsènan li: «Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou» (Jan 14:26).

Ekri ki rasanble isit la se fwi apèl sa a. Evèk la ekri jan yo mennen l' ekri, sou nenpòt sa tan yo ak fidèl yo bezwen, kit se yon sèl pwen ansèyman, kit se yon pawòl nan yon tan twoub, kit se yon etid long ki fèt an plizyè pati.

Kijan yo nimewote ekri yo

Chak ekri resevwa yon nimewo dapre lòd yo pibliye l': No. 1, No. 2, No. 3, e konsa. Chak ekri, kèlkeswa kalite l' e kèlkeswa moun li adrese, nimewote nan yon sèl seri sa a. Nimewotaj la kontinye san koupe ane apre ane, e yo pa janm rekòmanse l' ni sèvi ak yon nimewo yon dezyèm fwa. Chak ekri pote dat yo te pibliye l' tou.

Nimewo a se referans pèmanan ekri a. Li rete menm jan an nan tout lang ak nan tout fòm, konsa yo ka toujou site yon ekri senpleman ak nimewo li. Si yo korije yon ekri pita, li kenbe nimewo li, e li montre dat revizyon an anba dat orijinal la.

Klasifikasyon yo

Yo klase chak ekri dapre kalite li. Yon ekri ka gen plis pase yon klasifikasyon.

Avi

Yon ti pawòl nan yon tan malè oswa nan yon evènman grav, ki pote konsolasyon ak lapriyè, san li pa mande moun pou yo aji.

Ankourajman

Yon apèl bay fidèl yo pou yo pran yon travay konkrè, tankou lapriyè, èd pou moun ki nan bezwen, oswa ofrann, pou reponn bezwen lè a. Mesaj Nwèl ak mesaj Pak yo se ankourajman.

Pawòl Avètisman

Yon avètisman ki byen rezone sou yon danje k'ap monte, pou fidèl yo ka veye e pare.

Koreksyon Apostolik

Yon ekri ki nonmen e ki korije fo doktrin, oswa erè moun k'ap anseye l'.

Lèt Rekonesans

Yon ti ekri ki rekonèt yon zak bonte oswa yon zak lafwa, e ki di mèsi pou li.

Pwen Doktrin

Yon ansèyman kout e klè sou yon sèl pwen doktrin.

Deklarasyon Doktrinal

Yon ansèyman pi konplè e ki swiv sou yon kesyon doktrin, ki pi long pase yon Pwen Doktrin.

Trete Doktrinal

Yon etid konplè e apwofondi sou yon kesyon doktrin, ki fèt pou sèvi kòm referans pou lontan.

Ekri Administratif

Yon lèt oswa yon lòt ekri ki konsène lòd ak zafè Legliz la, tankou yon lèt bay yon lòt evèk oswa yon ekri pou sèvi inite kretyen yo.

Ki moun yo adrese

Chak ekri adrese swa bay legliz Kris yo ki nan youn nan dis rejyon sou latè, swa bay tout legliz Kris yo ansanm. Lè yon ekri adrese bay yon moun an patikilye, tankou yon lèt bay yon lòt evèk, yo nonmen moun sa a nan sijè ekri a. Yo bay lis ekri yo tou dapre legliz yo adrese yo, sou paj Dis peyi wa yo.

Kijan pou li yo

Ou ka li chak ekri isit la sou sit la, e ou ka telechaje l' an PDF. Amezi tradiksyon yo fini, chak ekri ap disponib tou nan lòt lang sit sa a, anba menm nimewo a.

Swiv pa RSS

Ou ka swiv nouvo piblikasyon yo pa RSS, yon fason gratis e senp pou ou resevwa avi pou chak nouvo ekri, nan yon aplikasyon lektè fil ou chwazi pou kont ou. Ou pa bezwen enskri, e yo pa mande ni non, ni adrès imèl, ni okenn lòt enfòmasyon pèsonèl. Ministè sa a pa kenbe okenn dosye sou moun k'ap swiv, e li pa gen okenn mwayen pou l' konnen kiyès ou ye.

Fil la bay tit ak yon ti rezime chak nouvo piblikasyon, ak yon lyen pou li l' an antye sou sit sa a. Menm jan ak chak paj sit la, yo konte vizit yo sèlman an total san non, tankou konbyen fwa yo li yon paj ak nan ki peyi. Yo pa sèvi ak okenn cookie, e yo pa anrejistre anyen ki ta ka fè konnen kiyès yon lektè ye.

Se espre. Nan kèk kote, li ekri kretyen ka mete yon moun an danje. RSS pèmèt nenpòt moun swiv piblikasyon sa yo san yo pa kite non yo ni adrès yo nan men pèsonn.

Fil RSS piblikasyon yo an kreyòl

Seri ak volim

Gen kèk ekri ki kanpe pou kont yo. Gen lòt ki fè pati yon etid ki pi long, yo pibliye pa pati amezi chak pati fini, pou fidèl yo ka genyen l' san yo pa tann tout la fini. Amezi ekri yo ap vin pi plis, yo pral rasanble yo tou pa seri, e avèk tan yo pral mete yo ansanm nan volim.

Ekri yo

No.	Moun yo adrese	Sijè	Klasifikasyon
Yo pral mete ekri yo isit la, pa nimewo, amezi yo pibliye yo.			

Tout pasaj Bib an kreyòl ki sou paj sa a soti nan *Bib La* (1985), ki nan domèn piblik. Tèks: ebible.org/hat. Yo site vèsè yo san yo pa chanje anyen; twa pwen (...) make kote yo kite yon pati.